

YEUKAI:

- KANA TB IKANONOKERWA KURAPWA INOKWANISA KUISA MWANA PANJODZI YERUFU. NAIZVOZVO VANA VANOFANIRA KUPOTA VACHIENDESWA KUKIRINIKI IRI PEDYO NAVO KUTI VAONGORORWE TB NEKUKASIKA.
- CHIPATARA / KIRINIKI YESE MUNO MUZIMBABWE INOKWANISA KURAPA TB
- KURAPWA TB HAKUBHADHARISWE
- TB INORAPIKA ICHIPERA

KANA PANE ZVIMWE ZVAMUNGADE KUZIVA MAERERANO NE TB MUVANA, SHANYIRAI CHIPATARA/KIRINIKI IRI PEDYO NEMI. MUNOWANA RUBATSIRO RWESE IKOKO.



PUBLISHED BY:
MINISTRY OF HEALTH AND CHILD CARE
NATIONAL TUBERCULOSIS CONTROL
PROGRAM
5TH FLOOR KAGUVI BUILDING
PO BOX CY 1122 CAUSEWAY,
HARARE-ZIMBABWE



Photo: Eric Bond/EGPAF, 2018

MIBVUNZO INOWANZOBVUNZWA MAERERANO NECHIRWERE CHERURINDI (TB) MUVANA



Elizabeth Glaser
Pediatric AIDS
Foundation

 **Unitaid**
Innovation in Global Health

CHII CHINONZI RURINDI /TUBERCULOSIS (TB)?

Rurindi chirwere chinokonzerwa nema germs ananzi mycobacterium tuberculosis. Chirwere ichi chinowanikwa mumapapu emunhu asi chinokwanisa kuwanikwazve mune dzimwe nhengo dzemuviri se moyo, mumabhonzoro kana mumusoro

VANA VANOKWANISA KURWARA NE TB HERE?

Hongu vana vanokwanisa kurwara nechirwere cherurindi TB. Vana vanokwanisa kuwana TB kubva kune chero munhu anenge aine chirwere che TB.

VANA VANOWANA TB NENZIRA DZIPIKO?

Vana vanokwanisa kuwana TB kubva mukugara mumba mumwechete nemunhu anenge aine TB isati yatanga kurapwa. Munhu uyu paanokosora, kuhotsira, kutaura kana kuimba ma germs e TB anoenda mumhepo. Kana mwana akazofema mweya wacho kwenguva refu anokwanisa kuita TB.

NDEZVIPI ZVINORATIDZA KUTI MWANA ANOKWANISA KUNGE AINE CHIRWERE CHETB?

Kana zviratidzo izvi zvikaramba zviripo kudarika mavhiki maviri, mwana anokwanisa kunge aine chirwere cheTB. Munokurudzirwa kukasika kuendeswa mwana kuchipatara kunoongororwa TB. Ongororo nekurapwa TB zvinoitwa mahara/pachena.

- Chikosoro chisingaperi.
- Kufemereka kana Kufema zvine karuzha
- Kutadza kuwedzera kana kudzikira huremu.
- Kuperezeka muviri.
- Kupisa muviri nguva zhinji.
- Kutadza kutamba nevamwe samazuva ose.

- Kuzvimba muhuro-mambabvu.
- Kupiswa nekutonhorwa zvisina tsarukano.
- Kuita mabayo.
- Kugara nemunhu ane TB kana akamborapwa TB.

NDEVAPI VANA VARI PANJODZI HURU YEKUWANA TB?

- Vana vari pasi pemakore mashanu ekuberekwa
- Vana vanogara nemunhu ane TB.
- Vana vasingawane kudya kunovaka muviri kwakakwana
- Vana vanorarama nehutachiona hweHIV.
- Vana vachangobva kurwara zvakananyanya.

MWANA ASINA HUTACHIONA HWEHIV ANOKWANISA KURWARA NE TB HERE?

Hongu mwana asina hutachiona hweHIV anokwanisa kurwara ne TB.

PANE MISHONGA INORAPA TB MUVANA HERE?

Hongu. Pane mishonga iriko inopihwa vana vanenge vabatwa chirwere cheTB. Mishonga iyi yave kuwanikwa muma flavour anoti banana nestraberry kuitira kuti vana vakwanise kuinwa nguva dzese.

Vana vanopihwa mishonga yavo zvichienderana nehuremu hwavo. Nokudaro, zvakanakosha kuti mwana aende pachikero kuchipatara, kuitira kuti apihwe mishonga inoenderana nehuremu hwake.

TB INORAPIKA HERE MUVANA?

Hongu TB inorapika ichipera muvana vose.

MWANA ANOKWANISA KURARAMA HUPENYU HWAKANAKA HERE MUSHURE MEKUBATWA TB?

Hongu. Kana mwana akabatwa TB akapihwa mishonga yake yese, anorapika achipora. Kana apora anokwanisa kuenderera mberi nehupenyu hwake zvakanaka.

CHII CHINOITIKA KANA MWANA ACHIRI KUYAMWA AKABATWA TB?

Mwana achiri kuyamwa akabatwa TB anofanira kuramba achiyamwiswa achipihwazve mishonga yake yekurapa TB.

VANA VANOKWANISA KUDZIVIRIRWA HERE KUTB?

Hongu:

- Mwana wose anofanira kubaiwa jekiseni reBCG paanozvarwa.
- Mwana wose akambogara nemunhu aiva/ane TB anofanira kupihwa mishonga yekudzivirira kubata TB inonzi Tuberculosis Preventive Therapy. Uyu mushonga unopihwa mushure mekunge anachiremba vaona kuti mwana uyu haana kunge atobatira TB nakare.
- Mwana wese anofanira kuongororwa TB nguva nenguva. Vabereki, endai nevana vaongororwe TB.
- Kugara mhepo ichifefetera mudzimba, muzvikoro uye ne muzvipatara (Kugara mawindo ne magoni akavhurika kuitira kuti mhepo yakachena itenderere) kunobatsirawo kudzivirira kupararira kew TB

VABEREKI VANOKWANISA KUBATSIRA VANA VANE TB NENZIRA DZIPI?

- Nekuona kuti vana vawana nekutora mishonga yavo yese sezvakatarwa nevashandi vehutano.
- Nekupa vana kudya kunogutsa nekunovaka muviri nguva dzose, kuitira kuti masoja emuviri awane simba rekurwisa chirwere cheTB.
- Nekuendeswa vana kuchipatara kana vasiri kunzwa zvakanaka. Kana mwana achitora mishonga yeTB akaita dambudziko rekurwara, ngaaendeswe kuchipatara nekukasika kuti abatsirwe.